# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–08 दिसम्बर 2024** **भोजपुरी समाचार**

केंद्रीय रेल मंत्री अश्विनी वैष्णव आजु वाराणसी के बनारस रेलवे स्टेसन पर पहुंचि के विंडो ट्रेलिंग ट्रेन के जरिया से वाराणसी–प्रयागराज रेलवे ट्रैक के निरीक्षण क सुरूआत कइलें। बनारस रेलवे स्टेसन पर पत्रकारन से बतियावत उहां के कहलीं कि भारतीय रेल की ओरि से कुंभ बदे पुरहर तइयारी कइल गइल हवे। दूर–दराज से आवे वाले सरधलुअन के ट्रेन क बढ़ियां सुविधा दिहले के साथे–साथे ढेरे भीड़ि भइले के हालति में स्टेसनो पर रूकले क पुरहर इंतिजाम कइल जा रहल हौ। उहां के बतवलीं कि महाकुंभ के ले के प्रयागराज अउर अजोध्या के बिच्चे रेलवे खास इंतिजाम कइले हवे।

***इस बार अयोध्या जी से और प्रयागराज जी से रिंग रेल की व्यवस्था की गई है।जिससे कि प्रयागराज से अयोध्या जी बहुत आराम से जा सके और चार रिंग रेल की व्यवस्था ओवरऑल की गई है और होल्डिंग एरिया बहुत बड़े–बड़े बनाए जा रहे हैं। जिससे कि पैसेंजर्स आराम से वहां पर रुक सके रुक के उसके बाद जब गाड़ी आए तब जा सके।***

**********

रेल राज्य मंत्री रवनीत सिंह आजु सिद्धार्थनगर जिल में सिद्धार्थनगर–चिल्हिया स्टेसनन के बिच्चे समपार संख्या अट्ठावन पर भीमापार में रोड अण्डर ब्रिज क नेइ धइलें। एकरे बादे उहां के बढ़नी रेलवे स्टेसन पर आयोजित समारोह में कोचिंग डिपो क लोकारपण कइलीं। कोचिंग डिपो के बनि गइले से बढ़नी जंक्सन से लमहर दूरी क गाड़ियन के चलवले क रास्ता साफ हो गइल हवे। एकरे पहिले रेल राज्य मंत्री गोरखपुर पहुंचलें जहवां उहां के गोरखनाथ मंदिर जा के गुरू गोरक्षनाथ क दरसन पूजन कइलें। येह मौका पर मीडिया करमयिन से बतियावत रवनीत सिंह कहलें कि गोरखनाथ मंदिर, नाथ परम्परा अउर गुरू परम्परा क सर्वोच्च पीठि हवे अउर एइजा आ के उहां के खुद के धन्य महसूस कइ रहल हईं।

**********

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ बिहने गोरखपुर के महंत दिग्विजयनाथ पार्क में आयोजित कार्यक्रम के दौरान सत्तर बरिस से बेसी उमिरि के नागरिकन के आयुष्मान वय वन्दन कार्ड बंटिहें। पांच लाख रूपिया तक ले मुफ्त चिकित्सा सुविधा देवे वाली येह योजना में सत्तर बरिस से बेसी उमिरि के लोगिन के आय सीमा से बहरे रक्खल गइल हवे। गोरखपुर क मुख्य चिकित्साधिकारी आशुपोष कुमार दुबे बतवलें कि जिला में अबले आठ हजार तीनि सौ पचीस बुजुरूग लोगिन क आयुष्मान वय वंदन कार्ड बनावल जा चुकल हवे। उहां के बतवलीं कि येह योजना में लाभारथी ऑनलाइन जरिया से आधार से जुड़ल मोबाइल नम्बर से खुदे कार्ड बना सके ले।

**********

जौनपुर–प्रयागराज–आजमगढ़ राहि के फोरलेन बनावे बदे प्रधानमंत्री गति सक्ति योजना क नेटवर्क प्लानिंग ग्रुप चारि हजार पैंतालीस करोड़ रूपिया क परियोजना के मंजूरी दिहले हवे। एहमें से दुइ हजार आठ सौ चौंतीस करोड़ रूपिया सड़कि बनवले में खरच होई जबकि बाकी धनरासि अधिग्रहण में खरचा कइल जाई। येह परियोजना में जौनपुर अउर फूलपुर से मुंगरा बादशाहपुर के बिच्चे नया बाइपास बनी। येह फोरलेन के पूर्वांचल एक्सप्रेव–वे के ले के कई गो अउरियो राष्ट्रीय राजमार्गन से जोड़ल जाई।

**********

प्रदेस भर में आजु से पल्स पोलियो अभियान क सुरूआति हो गइल हवे। येह अभियान में पहिला दिन्ने सज्जो जिलन में बनावल गइल एक लाख दस हजार छौ सौ अड़तालीस बूथन पर पांच सालि तक के लइकन के पोलियोरोधी खोराक पियावल गइल। भदोही में मुख्य विकास अधिकारी शिवाकान्त द्विवेदी, श्रावस्ती में विधायक रामफेरन पाण्डेय, मऊ में अपर निदेसक स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण डॉक्टर बाल चन्द्रा पल्स पोलियो अभियान क सुभारम्भ कइलें। राज्य में तीनि करोड़ ओन्तिस लाख लइकन के खोराक पियवले क लक्ष्य रक्खल गइल हवे। बिहने से चउदह दिसम्बर ले स्वास्थ्य विभाग क टीमि घरे–घरे जा के लइकन के पल्स पोलियो क ड्रॉप पियाई।

**********

बीतल सोरह नवम्बर के सारनाथ से सुरू भइल बिसाल धम्मचारिका पदयात्रा आजु भगवान बुद्ध के महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर पहुंचल, जहवां कुशीनगर बौद्ध भिक्षु संघ क अध्यक्ष अग्ग महापंडित भदन्त ज्ञानेश्वर जतरा में सामिल हो के बौद्ध भिक्षुअन क स्वागत कइलें। अन्तर्राष्ट्रीय बौद्ध संस्थान क पूर्व अध्यक्ष भंते चंदिमा के अगुआई में भगवान बुद्ध क पहिला उपदेस स्थल सारनाथ से सुरू भइल पदयात्रा बनारस, गाजीपुर, बलिया, देवरिया, गोरखपुर, महराजगंज होत धम्मचारिका पदयात्रा के महापरिनिर्वाण मन्दिर कुशीनगर पहुंचले पर बौद्ध भिक्षुअन अउर उपासक मानव कल्याण आ विस्वसान्ति क प्रार्थना कइलें।

**********

उत्तराखंड में बहु–प्रतीक्षित सीतकालीन चारधाम जतरा सुरू हो गइल हवे। उत्तराखण्ड क मुख्यमंत्री पुष्कर सिंह धामी रूद्रप्रयाग जिला के ऊंखी मठ में आंकारेश्वर मंदिर में जतरा क अधिकारिक तौर पर उद्घाटन कइलें। ठंडी के मौसम में ई भगवान केदारनाथ के मुरती क निवास स्थल हवे। येह मौका पर मुख्यमंत्री सीतकालीन चारधाम जतरा पर आवे वाले सरधलुअन बदे सुविधा बढ़ावे के सरकार क प्रतिबद्धता जतवलें।

**********